

# Èske ou PARE?

## Elektrisite klere monn nou an!

Reflechì sou tout fason nou depannde elekrtrisite: kenbe manje fre, kwit manje, epi jwenn enfòmasyon nan entènèt oswa nan televizyon. Li kenbe nou tyèd nan sezon livè, frèt nan sezon lete, epi konekte youn ak lòt pandan tout ane a. Kèk fwa nou, nou itilize elekrtrisite pou jwe epi pou pran plezi nou! Èske oumenm ak fanmi ou pare si gen katastwòf epi si gen blakawout lakay ou?



*Kijan nou ta wè lannwit san enèji?*

Ede fanmi ou kreye yon twous rezèv pou ijans! Rasanble atik yo epi mete yo ansanm yon bon kote ou kapab jwenn yo fasil. Asire ou gen ase rezèv pou dire pandan omwen **trwa (3) jou**.

## Lis Rezèv pou Ijans

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Kantite manje ki p ap gate pou dire 3 jou (fwi sèk, pwason ton nan bwat konsèrv, manba, elatriye) | <input type="checkbox"/> Dlo – omwen yon galon pou chak moun pa jou                      |
| <input type="checkbox"/> Kle pou louvri bwat   | <input type="checkbox"/> Radyo ki fonksyone avèk pil oswa avèk manivèl ak pil siplemantè |
| <input type="checkbox"/> Twous premye swen   | <input type="checkbox"/> Flach avèk pil siplemantè                                       |
| <input type="checkbox"/> Sak pou kouche oswa kouvrelì tyèd pou tout moun ki nan fanmi ou                                   | <input type="checkbox"/> Telefòn selilè avèk chajè, batri siplemantè ak chajè solè       |
| <input type="checkbox"/> Chanjman rad nan omwen 3 jou, ansanm ak soulye solid; konsidere tan kote w ap viv la              | <input type="checkbox"/> Siflè pou siyale pou mande èd                                   |
| <input type="checkbox"/> Alimèt nan yon bwat ki p ap pran dlo (kite yon adilt fè sa)                                       | <input type="checkbox"/> Kat jeyografik lokal  |
| <input type="checkbox"/> Bwòs dan, pat dantifris, savon  | <input type="checkbox"/> Pwovizyon pou bèt kay   |
| <input type="checkbox"/> Asyèt katon, goblè plastik ak istansil plastik, sèvyèt papye                                      | <input type="checkbox"/> Rezèv pou tibebe  |
|  | <input type="checkbox"/> Liv, jwèt oswa jwèt kastèt                                      |
|  | <input type="checkbox"/> Yon nounous ou pi renmen oswa kouvrelì                          |

*Sonje, limyè sikilasyon machin yo pa fonksyone!*

**Ale nan yon rechèch avèk fanmi ou!  
Kreye yon lachas trezò!  
Fè planifikasyon an amizan!**



MONTRE OU SE YON EWO!

<http://www.ready.gov/kids>